# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

लोकसभा में आजु ऑपरेशन सिंदूर पर बिसेस चरचा कइल गइल। येह दौरान रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह सदन में ऑपरेशन सिंदूर पर दीहल गइल अपने बेयान में फरियवलें कि भारत ऑपरेशन सिंदूर पर कार्रवाई येह नाते रोकलें काहें से कि संघर्स के पहिले अउर ओह दौरान जवन भी राजनीतिक आ सैन्य लक्ष्य तय कइल गइल रहे ओके हमनी के पुरहर तरीका से हासिल कइ चुकल रहलीं।

**भारत ने कार्रवाई इसलिए रोकी क्योंकि कंफ्लीक्ट के पहले और उसके दौरान जो भी पॉलीटिकल और मिलिट्री ऑब्जैक्टिव्स तय किए गए थे उसे हम पूरी तरह से हासिल कर चुके थे, इसलिए यह कहना, यह मानना की ऑपरेशन किसी दबाव में रोका गया, यह बेबुनियाद है और सरासर गलत है।**

एहसे पहिले, संसद के दुन्नो सदन क कार्यवाही बिहार में बिसेस गहन पुनरीक्षण अभियान आ अउरियो मुद्दन के ले के बिपक्षी सदस्यन कै नाराबाजी के बाद दुपहरिया दुइ बजे तक स्थगित करे के पड़ल रहल।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के दुइ अगस्त के बनारस क प्रस्तावित दौरा के तइयारियन क समीक्षा करे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बनारस पहुंचलें। येह दौरान उहां के बनारस अउर आजमगढ़ मण्डल के जनप्रतिनिधियन के साथे विकासो कार क समीक्षा बइठकी कइलीं। येह बिच्चे, बनारस क मण्डलायुक्त एस राजलिंगम आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि बनारस दौरा के दौरान प्रधानमंत्री दुइ हजार दुइ सौ अड़तालीस करोड़ रूपिया के लागति वाली चउवन विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास करिहें।

**इसमें माननीय प्रधानमंत्री जी के द्वारा लगभग पंद्रह प्रोजेक्ट छह सौ तीस करोड़ का है, इसका लोकार्पण किया जाएगा। और लगभग अड़तीस प्रोजेक्ट जो सोलह सौ अठारह करोड़ का, उसका शिलान्यास किया जाएगा।**

**********

सावन महिन्ना के तिसरका सोम्मार के मौका पर आजु प्रदेस भर के शिवालयन में भिन्नहियें से सरधालु अउर कांवड़िया जलाभिषेक कइ के मंगल कामना कइ रहल हवें। येह मौका पर बनारस के काशी विश्वनाथ धाम में तड़के से शिवभक्तन क जन सैलाब उमड़ि परल हौ। मंगला आरती के बाद धाम के बहरे मैदागिन अउर गोदौलिया के ओरि से लाइनि में लागल सरधालुअन पर जिला प्रसासन फूल बरसा के स्वागत कइलस। सावन के तिसरका सोम्मार के देखत बाबा क खास श्रृंगारो कइल गइल। प्रभु श्रीराम क नगरी अजोध्यो में सरधालु सरजू नदी में नहा के सिद्धपीठ नागेश्वरनाथ मंदिर में जलाभिषेक कइ रहल हवें। येही क्रम में गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर के सथहीं गाजीपुर, अम्बेडकरनगर अउर जौनपुर के कई गो शिवालयन में ढेरि संख्या में सरधालु भगवान शिव के जल चढ़ावे खातिर पहुंचलें।

**********

बाराबंकी जिला में आजु तड़के टीनसेड पर बिजुली क तार गिरि गइले से मचल भगदड़ में दुइ गो सरधालुअन क मउति हो गइल ओहीं करीब दुइ दरजन से बेसी सरधालु घाही हो गइलें। ई दुखद घटना ओइजा प्राचीन अवसानेश्वर महादेव मंदिर के बहरे भइल, जहवां ढेरि संख्या में सरधालु सावन के तिसरका सोम्मार के दरसन बदे लाइनि में खड़ा रहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह दुरघटना पर गहरा सोक जतावत मृतक सरधालुअन के परिजन के पांच–पांच लाख रूपिया क सहायता रासि दिहले क घोसणा कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि जिला प्रसासन के घाही लोगिन के समुचित इलाज बदे निरदेसित कइल गइल हौ।

**********

आजु विस्व हेपेटाइटिस दिवस मनावल जा रहल बा। लीवर से जुड़ल रोगन के प्रति जनजागरूकता के उद्देस्य से ई दिवस मनावल जाला। येह मौका पर अम्बेडकरनगर जिला क राजकीय मेडिकल कॉलेज, टांडा में स्वास्थ्य सिविर क आयोजन कइलस। सिविर के दौरान हेपेटाइटिस बी, डेंगू अउर मलेरिया जइसन बेमारियन के बारे में लोगिन के जागरूको कइल गइल।

**********

बिहने मनावल जाये वाला नागपंचिमी के तिउहार के उपलक्ष्य में आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में दुइ दिवसीय प्रदेस स्तरीय सीनियर प्राइज मनी पुरूस कुस्ती प्रतियोगिता क सुरूआति भइल। प्रदेस सरकार क खेल अउर युवा कल्याण राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार गिरीश चन्द्र यादव प्रतियोगिता क उद्घाटन कइलें। येह दौरान कई गो भार वर्ग में पहलवान दम–खम देखवलें। बिहने प्रतियोगिता क समापन होई।

**********

गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कई पूरबी जिलन में आजु भिन्नहियें से रूकि–रूकि के मध्यम से ले के तेज बरखा हो रहल हौ। बरखा के नाते येह इलाकन में आजु जन–जीवन परभावित रहल, हालांकि लोगिन के उमस भरल भीसण गरमी से राहति मिलल हौ। मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में आवे वाला दुइ दिन ले कहीं–कहीं भारी बरखा अउर बिजुली गिरले क धिरवनियों जारी कइले हौ।

**********